



SMP BRAWIJAYA SMART SCHOOL
"Terakreditasi A"

Jalan Cipayung 8 Malang Malang Telp. (0341) 5081175, Fax. (0341) 575868
Website : smp.bss.ub.ac.id Email : smpbssub@yahoo.co.id

I. SOAL HER PAS BAHASA DAERAH

Pilihlah wangsulan sing bener kanthi milih jawaban A,B,C, utawa D!

Wacanen kang premati kanggo njawab pitakonan nomer 1-4

Amarga Salah Paham

Sawijining dina, ora kaya biasane Pras lan Pandhu sing kawentar minangka kanca raket iku meneng-menengan lan katon wis rong dina ora guneman. Amarga kuwi, Yudha sing bocah anyar pindahan saka kutha nanging uga kerep sraung karo kekarone nyoba nengahi supaya paseduluran ing antarane bocah loro iku ora pedhot.

"Pras, aku ndelok awakmu kok wis rong dina iki kok ora nyapa Pandhu, sakjane kowe ana masalah apa kara Pandhu?", pitakone Yudha nganggo basa Jawa.

"Ora kok Yud, ora ana apa-apa", wangsulane Pras cekak aos.

"Pras, ora usah ngapusi. Awakmu kan kanca cedhak karo Pandhu, mungkin ana sing bisa tak ewangi." Yudha tetep ora nyerah ngerih-erih Pras supaya gelem crita.

"Yud, sejatine aku karo Pandhu wis ora sapa aruh rong dina iki, tapi iki merga kabeh salahe dhewe kok, mosok buku LKS sing disilih Pandhu ki ngakune wis dibalekake seminggu kepungkur, padhal kasunyatanane durung mbalik neng aku. Nanging Pandhu kandha yen is dibalekake pas dolan nang omah, malah ganti nuduh aku pikun. Jan nggregetke tenan bocah iku." Pungkasane Pras crita dawa.

1. Ing crita kasebut sing ora sapa aruh yaiku Pras karo ...
 - a. Yudha
 - b. Pras
 - c. Pandhu
 - d. Yudi
2. Paraga ing dhuwur minangka bocah anyar pindhahan yaiku ...
 - a. Pras
 - b. Yudha
 - c. Yudi
 - d. Pandu
3. Sing dadi udarane prakara yaiku masalah ...
 - a. Buku paket
 - b. Buku diktat
 - c. LKS
 - d. Kamus

Wacanen penggalane crita ing ngisor iki!

Sawijining dina, ora kaya biasane Pras lan Pandhu sing kawentar minangka kanca raket iku meneng-menengan lan katon wis rong dina ora guneman. Amarga kuwi, Yudha sing bocah anyar pindahan saka kutha nanging uga kerep sraung karo kekarone nyoba nengahi supaya paseduluran ing antarane bocah loro iku ora pedhot.

4. Struktur penggalane crita kang ana ing dhuwur yaiku ...
 - a. Pambuka
 - b. Pasuluyan
 - c. Pangundhare prakara
 - d. Umpan balik

Cermati tembung ing ngisor iki!

Maneka warna *puspa* padha mekar mula katon endah sesawangane.

5. Tembung *puspa* sinonime yaiku ...
 - a. Sekar
 - b. Gegondhongan
 - c. Wit-witan
 - d. Taru

Cermati tembung ing ngisor iki!

Bu Ani iku guru sing paling *sepuh* ana SMP.

6. Kosok baline *sepuh* yaiku ...
 - a. Tuwa
 - b. Enom
 - c. Waspa
 - d. Kukila

Cermati tembung ing ngisor iki!

Putrine Pak Naryo niku *asmane* sinten nggih Bu?

7. Tembung homonim asma ing ukara kasebut tegese ...
 - a. Cagak
 - b. Sesek napas
 - c. Jeneng
 - d. Tamu

Cermati tembung ing ngisor iki!

Dias kari dhewe ing njero angdes (angkutan pedesaan) nalika dheweke *bali* sekolah.

8. Kosok baline tembung bali yaiku ...
 - a. Wangsul
 - b. Kondur
 - c. Mulih
 - d. Budhal

Wacanen penggalane crita ing ngisor iki!

Dias ora age-age jumatik bali. Dheweke bener-bener bingung ing antarane pilihan loro kuwi. Ing njero dhompot kandel mau ora mung isi KTP lan SIM, nanging uga isi dhuwit atusan ewu rupiah kang bisa ngganggu pikirane bocah saumure Dias.

9. Tembung sesulih kang digunakno ing penggalane crita kuwi yaiku ...
 - a. Ing
 - b. Dheweke
 - c. Kang
 - d. Bisa

Cermati tembung ing ngisor iki!

Rina wengi anggone nyambut gawe direwangi ... kanggo nyukupi ...

10. Isine ceceg-ceceg kang trep yaiku ...
 - a. Babak bundhas, anak bojo
 - b. Adus kringet, sandhang pangan
 - c. Jungkir walik, anak bojo
 - d. Babak bundhas, sandhang pangan
11. Sing ora kalebu basa rinengga yaiku ...
 - a. Paribasan
 - b. Bebasan
 - c. Saloka
 - d. Ater-ater

Cermati tembung ing ngisor iki!

Kowe gelem mangan sega lodheh, Mas?

12. Ukara ing dhuwur migunakake unggah-ungguh basa ...
 - a. Basa ngoko alus
 - b. Basa ngoko lugu
 - c. Basa krama lugu
 - d. Basa krama alus
13. Wawancara kang pitakone ora disusun utawa dicepakake luwih dhisik diarani...
 - a. Wawancara bebas
 - b. Wawancara individual
 - c. Wawancara Binuka
 - d. Wawancara Tinutup
14. Ing ngisor iki sing ora kalebu struktur teks wawancara yaiku...
 - a. Definisi umum
 - b. Definisi bagian
 - c. Deskripsi manfaat
 - d. Definisi keseluruhan

Wacanen kang premati tembung ing ngisor iki!

Adhik bakal budal menyang omahe kancane, yen udan Adik mboten saged budal.

15. Tembung panggandheng kanggo nggenepi tembung ing dhuwur supaya bener yaiku...
 - a. Lan
 - b. Karo
 - c. Nanging
 - d. Mulane

Gatekno iklan ing ngisor iki!

**LEMBAGA PENDIDHIKAN LUAR SEKOLAH
"LPS HANGTUAH"
PROFESIONAL MENGANTAR ANDA KE DUNIA KERJA**

Bubar Lulus SMA? Pengin enggal nyambut gawe? Melu wae kursus! Suwene petang sasi! Dijamin lulus langsung nyambut gawe. Panjenengan rawuh wae menyang lembaga pendhidhikan lan kursus Hangtuh!

Nganakake kursus kemaritiman, komputer, montir, baby sitter, basa Inggris, basa Jepang, basa Cina, pertukangan, lan teknisi HP.

LPS Hangtuh mangon ing Jalan Brajagati No. 635 Brujulan, Limbangan
Phone: 028393939110 utawa HP: 0891812191172
Katrangan luwih gamblang bisa mitering marang Bpk. Suminto (0891812191172)

16. Dene sing ditawakake liwat iklan ing dhuwur yaiku kaya ing ngisor iki, **kajaba...**
- a. Kursus kemaritiman
 - b. Kursus pertukangan
 - c. Kursus baby sitter
 - d. Sales HP
17. Basa sing digunakake kanggo iklan nduweni sifat kaya ing ngisor iki, **kajaba...**
- a. Persuasif
 - b. Profoaktif
 - c. Komunikatif
 - d. Sugestif

Perhatikno tembung ing ngisor iki!

Budi niku tiyang ingkang sae

18. Kosokbaline "sae" saka tembung ing dhuwur yaiku...
- a. Apik
 - b. Endah
 - c. Elek
 - d. Leres

Perhatikno ukara ing ngisor iki!

Kowe mau apa wis mangan?

19. Ukara ing dhuwur migunakake unggah-ungguh basa jawa yaiku...
- a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko alus
 - c. Krama lugu
 - d. Krama alus

Wacanen kang premati tembung ing ngisor iki!

... ojo banter-banter lek ngomong, ing kelas sebelah lagi ujian.

20. Tembung panguwuh kanggo nggenepi tembung ing dhuwur supaya bener yaiku...
- a. Ah
 - b. Lho
 - c. Hus
 - d. Wadhuh

